

Igikoresho co Gupima Ubukene co mu bwoko bw'Urufatiro mu Kugenzura Ubukene Burundi Simple Poverty Scorecard[®] Poverty-Assessment Tool

Mark Schreiner

31 gitugutu 2017

Ce document en Français est disponible sur SimplePovertyScorecard.com

Hati hii na zana husika zimo kwa lugha ya Kiswahili kwenye SimplePovertyScorecard.com

Iyi nyandiko iboneka mu Kirundi kuri SimplePovertyScorecard.com

This document in English is available at SimplePovertyScorecard.com.

Incamake

Igikoresho co Gupima Ubukene co mu bwoko bw'Urufatiro mu Kugenzura Ubukene (*Simple Poverty Scorecard[®] poverty-assessment tool*) kigereranya amahirwe umuryango w'i Burundi ufise yo gushobora gushora ibiri muni y'urugero rw'ubukene rwatanzwe mu bijanye n'ivyo ukoresha. Urwo rufatiro rukoresha ibintu cumi bitazimvye cane vyakoreshejwe muri *Enquête sur les Conditions de Vie des Ménages du Burundi* cakoze muri 2013/14. Urufatiro rushobora gukoreshwa ku muryango mu minota itarenze cumi. Ukudomako birakorwa ku ngero nyinshi z'ubukene. Urufatiro ni uburyo bworoshe bushobora gukoreshwa na za porogarama zitaho guteza imbere urugero rw'ubukene mu Burundi kugira bagereranye urugero rw'ubukene bw'abitabiriye icigwa, gukurikirana ukwiyongera kw'ubukene mu bihe bitandukanye, no gutandukanya abitabiriye icigwa kugira bahabwe serevisi zihariye.

Ugushima

Ibiharuro ngenderwako vyaratanzwe na l'Institut de Statistiques et des Études Économiques du Burundi. Ndashimiye Nadia Belhaj Hassine Belghith, Nicolas Ndayishimiye, Noé Nduwabike, Mélance Nibigira, Jeanine Niyukuri, na Jean Paul Sossou. Guhindura iyi nyandiko ikurwa mu Congereza ishirwa mu Gifaransa vyakozwe na SwahiliSpace Limited (info@swahilispaces.com). "Simple Poverty Scorecard" is a Registered Trademark of Microfinance Risk Management, L.L.C. for its brand of poverty-assessment tools. Copyright © 2017 Microfinance Risk Management.

Umwandutsi

Mark Schreiner atwara Microfinance Risk Management, L.L.C. Kandi ni Senior Scholar mu kigo ca Center for Social Development muri Washington University in Saint Louis.

Igikoresho co Gupima Ubukene bw'Urufatiro mu Kugenzura Ubukene

Igitigiri banga c'umwidondoro w'ikiganiro: _____ Itariki yo kugirana ibiganiro: _____ Igihugu: <u>BDI</u> Urufatiro: <u>001</u> Ibiro vy'abagize umugw nserukizi: _____	<table style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="text-align: center;"><u>Izina</u></td> <td style="text-align: center;"><u>Ifatiro</u></td> </tr> <tr> <td style="text-align: center;"><u>n'amatazirano</u></td> <td style="text-align: center;"><u>ry'umwidondoro</u></td> </tr> </table> Uwitabiriye icigwa: _____ Uwakoze icigwa: _____ Ishami ry'ikigo catunganije icigwa: _____ Igitigiri c'abagize umuryango: _____	<u>Izina</u>	<u>Ifatiro</u>	<u>n'amatazirano</u>	<u>ry'umwidondoro</u>
<u>Izina</u>	<u>Ifatiro</u>				
<u>n'amatazirano</u>	<u>ry'umwidondoro</u>				

Ikirango	Inyishu	Amanota	Score
1. Ni abanywanyi bangahe mu muryango bafise imyaka cumi 18 canke batarayikwiza?	A. Batandatu canke abarenga B. Bane, canke batanu C. Batatu D. Babiri E. Umwe F. Ntanumwe		0 3 6 9 13 19
2. Abagize umuryango bose bafise hagati y'imyaka 7 na 16 ubu (muri uyu mwaka w'ishure) boba baja kw'ishure canke mu kigo c'inyigisho?	A. Oya B. Ego C. Nta munyamuryango afise imyaka iri hagati y' 7 na 16		0 3 6
3. Mu banyamuryango bafise n'ibura imyaka 10 bakoze n'ibura mu kiringo c'isaha 1 mu minsi 7 iheze, ni bangahe bafise akazi (ako bakoze canke ako bakunze gukora) mu bijanye n'uburimi, ubworozi canke uburovyi?	A. Batatu canke abarenga B. Babiri C. Umwe, canke ntanumwe		0 5 9
4. Nimba umukuru w'umuryango w'igitsina gabo yarakoze n'ibura mu kiringo c'isaha 1 mu minsi 7 iheze, arafise akazi (ako yakozwe canke ako akunze gukora) mu bijanye n'uburimi, ubworozi canke uburovyi?	A. Ntakora B. Akora mu burimi n'ibindi C. Ntamukuru w'umuryango w'igitsina gabo ahari D. Arakora mugabo atari mu burimi		0 4 7 11
5. Umugore mukuru w'umuryango canke umugore wa mbere w'umukuru w'umuryango yoba azi gusoma n'ukwandika iryungane risazwe mu Kirundi, mu Gifaransa, mu Giswahiri, canke urundi rurimi?	A. Ntamugore mukuru w'umuryango/umugore w'umukuru w'umuryango ahari B. Oya C. Ikirundi gusa D. Igifaransa, ariko igiswahi oya canke urundi rurimi (ntaco vyonona ari Ikirundi) E. Igiswahiri canke urundi rurimi (ntaco vyonona ari Ikirundi canke Igifaransa)		0 1 2 4 7
6. Ni ubuhe bwoko bw'akazu ka surwumwe bukoreshwa n'umuryango wanyu?	A. Ikinogo, imisarani rusangi, ak'umubanyi, canke ubundi bwoko B. Imisarani ya kera C. Umusarani ukoresha amazi, imisarani ifise ibitwara imyanda canke imisarani iteye imbere ifise akuma gatanga umuyaga		0 4 12
7. Ni ubuhe buryo bukoreshwa mu guteka imfungurwa?	A. Inkwi batoragura/bahabwa, canke imyanda y'ibikoko B. Inkwi bagura, canke ibindi C. Amakara, gazi, umuyagankuba, peterori, canke ntibateka		0 1 11
8. Ni ubuhe buryo bwo kumurika bukoreshwa mu muryango wanyu?	A. Inkwi canke ibindi B. Igitereko c'ibuji, canke gazi C. Itadowa, umuyagankuba uva ku zuba, canke ibuji D. Umuyagankuba, canke imashini itanga umuriro		0 5 9 15
9. Umuryango wanyu urafise terefone ngendanwa ubu tuvugana?	A. Oya B. Ego		0 7
10. Umuryango wanyu urafise iradiyo ubu tuvugana?	A. Oya B. Ego		0 3

Urupapuro rw'igikorwa: Abagize umuryango, Imyaka, Amashure Bize, Icemezo c'uko Bakora, n'Abakora mu Burimyi

Tangura kwuzuzwa ubwambere umutwe w'urupapuro; hanyuma, shirako igitigiri banga c'umwidondoro w'ikiganiro (nimba gihari), itariki icigwa cakoreweko, n'ibiro mfatirwako mu muryango (nimba bihari). Hama, andika amazina n'amatazirano n'Ifatiro ry'umwidondoro w'uwitabiriye ikiganiro (ashobora kuba atari uwishuye ibibazo), n'ivy'ishami/ahakorera ikigo uwitabiriye ikiganiro ashobora kwitura.

Hanyuma, gusomera uwubazwa: *Murashobora kumbwira amatazirano n'imyaka vy'abagize umuryango wanyu bose muhereye ku mukuru w'umuryango n'umugore mukuru wiwe. U muryango ni umugwi w'abantu canke umuntu umwe (bafise ico bapfana canke ataco bapfana) basangira kenshi ibifungurwa bimwe, bakemeranya ubuserukizi bw'umuntu umwe (bita umukuru w'umuryango) kandi basangira ivyinjizwa n'ibisohorwa. Akenshi baba mu nzu imwe.*

Andika amatazirano n'imyaka ya buri munyamuryango, wandike kandi umukuru w'umuryango n'igitsina cabo n'umugore canke umugabo mukuru w'umukuru w'umuryango (nimba ahari). Kumenya imyaka bwite y'umunyamuryango ni ngirakamaro mu gihe iyo myaka yababa 7, 10 canke 16. Andika igitigiri c'abagize umuryango ku mutwe w'urupapuro rw'ibifatirwako iruhande ya « Igitigiri c'abagize umuryango : », hma nushire mu mizingi inyishu ibereye ku kirango ca mbere.

Ku munyamuryango wese afise imyaka iri hagati y' 7 na 16, mubaze nimba ubu aja kw'ishure (muri uyu mwaka w'ishure turimwo), hama wandike inyishu. Shira mu mizingi ikirango ca kabiri. Andika « C. Nta munyamuryango afise imyaka iri hagati y' 7 na 16 » nimba ata n'umwe afise hagati y'imya 7 na 16. Andika « B. Ego » nimba hariho abanyamuryango bafise imyaka iri hagati y' 7 na 16 kandi baja kw'ishure. Andika « A. Oya » nimba hariho abanyamuryango bafise imyaka iri hagati y' 7 na 16 hama nibura umwe muribo akaba ataja kw'ishure.

Ku munyamuryango wese afise n'ibura imya 10, baza ko yoba yarakoze nibura isaha imwe mu minsi 7 iheze, hama wandike inyishu. Ku munyamuryango wese yakoze, baza nimba umurimo mukuru wabo (uwo yakoze canke akunze gukora) ujanye n'ivy'uburimyi, ubworozi, canke uburovyi, hama wandike inyishu. Shira mu mizingi rero inyishu zibereye ku kirango ca gatatu n'ica kane.

Ntiwibagire kuraba « Imfasha Kiganira » kugira uronke insiguro zihagije.

Iritazirano	[IZINA] yoba ari umukuru umugore mukuru/canke umugore w'umukuru w'umuryango?	[IZINA] afise imyaka Ingahe?	Nimba [IZINA] afise imyaka iri hagati y' 7 na 16, mbega ubu yoba yiga?	Nimba [IZINA] afise nibura imyaka 10, mbega yoba yarakoze nibura isaha imwe muri iyi minsi 7 iheze?	Nimba [IZINA] yarakoze, mbega umurimo nyamukuru wiwe (uwo yakoze canke akunze gukora) ujanye n'ivy'uburimyi, ubworozi, canke uburovyi?
1.	Umukuru w'igitsina gabo Umukuru w'igitsina gore		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
2.	Umugore/uwo mwubakanye Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
3.	Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
4.	Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
5.	Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
6.	Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
7.	Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
8.	Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
9.	Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
10.	Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
11.	Uwundi		<7 canke >16 Oya Ego	<10 Oya Ego	<10 Ntakora Oya Ego
Igitigiri c'abanyamuryango:		—	—	—	Igitigiri mu burimyi: